

Pidato Bahasa Jawa Pendidikan Berjudul "Wisudha Kelas XII"

Assalamualaikum warahmatullahi wabarakatuh

Bapak Kepala Sekolah ingkang satuhu kula bekteni, Bapak saha Ibu dwija ingkang satuhu kinurmatan, para rawuh ingkang sinuba ing karaharjan dalasan rayi kula kelas X saha XI saha kanca-kanca kelas XII ingkang kula tresnani.

Puji syukur tansah wonten ngarsanipun dhumateng Allah Swt. ingkang sampun paring kanugrahan, pramila menika panjenengan sami ing wekdal menika saged kempal saperlu hangrawuhi adicara ing kalenggahan menika, kanthi wilujeng nir ing sambekala.

Kadang kula kelas X saha XI ingkang kula tresnani, sekedhap malih kula sakanca kelas XII badhe nilaraken pawiyatan ing MAN 2 menika. Awit saking menika mbok bilih sadangunipun kula sesrawungan kaliyan sedherek sedaya wonten kalepatan saha kekhilafan, ingkang sengaja punapa boten kasengaja. Kula minangka sulhipun kanca-kanca nyuwun agunging pangapunten.

Wonten mriki kula paring pepeling dhateng rayi-rayi kula sedaya mugi-mugi sasampunipun kula sakanca medal saking pawiyatan mriki rayi kula kelas X saha XI segeda dados siswa-siswi ingkang tansah mbangun turut dhumateng Bapak saha Ibu dwija saha dados siswa ingkang pinter saha kreatif.

Rayi kulas kelas X saha XI ingkang kula tresnani, kula tansah dedonga saha memuji mugi-mugi rayi kula ingkang taksih wonten ing pawiyatan mriki tansah pinaringan pangayomanipun Allah Swt. saha semanten ugi kula nyuwun donga saha pangestu dhumateng para rayi kula mugi-mugi kula saged nglajengkeun wonten ing pawiyatan ingkang langkung inggil, wondene ingkang badhe nyambut damel sagede tumunten pikantuk padamelan ingkang trep kaliyan ngelmi saha kesagedanipun piyambak-piyambak.

Wasana, semanten atur kula minangka sesulih saking kanca-kanca kelas XII sedaya, mbok bilih anggen kula matur wonten kalepatan, kula tansah nyuwun samodra pangaksami.

Wa 'alaikumus salam warahmatullahi wabarakatuh